

## IFISHI YO KWIGISHA KURIMA KIJAMBERE IBIGORI

### 1. Intangamara

Ibigori ni igiterwa gifise akamaro kanini gusumvya ibindi biterwa vy'ibinyantete ufatiye k'umwimbu waco n'ubutaka kirimamwo kumwaka. Ibigori ubisanga mu burere butandukanye mu gihugu cose.

### 2. Ubwoko bw'ibigori burimwa mu Burundi

Ibiranga bikuru bikuru	Ubwoko bw'ibigori							
	ECAVL1	MM3	LONGE 4	ZM605	ZM621	ELITE89	ISEGA	MUGAMBA
Aho kirimwa	BA	BA	BA	MA	MA	MA	MA & HA	HA
Imisi kimara kugira cere	113	108	113	144	147	150	153	161
Kurinda indwara y'urukara	Irayirinda	Ntiyirinda	Ntiyirinda	Irayirinda	Irayirinda	Ntiyirinda	Ntiyirinda	Ntiyirinda
Kurinda ibinyabwoya	Ntibirinda	Ntibirinda	Ntibirinda	Ntibirinda	Ntibirinda	Ntibirinda	Ntibirinda	Ntibirinda
Umwimbu * (T/ha)	4-5	3-4	3-4	3,5-4,5	3-4	3-4	2-3	2-3

BA : Ibiyaya (800-1200m), MA : Imisozi ibayabaye (1200-1800 m), HA : Imisozi ihanamye (1800 m et plus)

\* : Uwo mwimbu n'uwu mu bigo vy'ubushakashatsi ; nayo mu banyagihugu baronka umwimbu wababa 800 kg/ha (ENAB, 2015).

### . Ubuhinga bwokurima

#### 3.1. Gucagura umurima

- Gushira imbere imirima yahoramwo ibinyamikera (ibiharage, ubushaza, isoya, ...).
- Kwirinda imirima yahoramwo ibindi biterwa vy'ibinyantete
- wirinda imirima itari bwariwewe, itemba canke iri mw'ihunda
- Gucagura isi yoroshe kandi ikamutse

#### 3.2. Gutegura umurima

Kurima ushikana hasi (20cm), umenagura ibinonko kandi ukangaza neza.

#### 3.3. Guteragira

##### - Guhitamwo no gutegura imbuto :

Aho gukura imbuto: Kubarwizambuto bayemerewe

Ukoresha imbuto wibikiye: Imbuto zova ku bice vyohagati kubigori vyarobanuriwe mu murima.

- **Igihe cogutererako:** ku mvura ya mbere canke igihe cose co mu mwaka mu gihe ushobora kuvomerera umurima.

**Urugero rw'imbuto ziterwa :** baca imirongo itandukanye na cm 75 kuri cm 50, hakenerwa ibiro biri hagati ya 30 na 40 kuri hegitari ; hagaterwa imbuto 2 mw'ibango ; mu nyuma ugapfuka n'utuvu (cm 4- 5cm).

Imbuto zogutera zihindurwa uko isizene iheze.

#### 3.4. Gufumbira

\***Indwi 2 imbere y'iterwa :** Gushiramwo 750 kg vy'ishwagara kuri hegitari kw'isizene (IFDC, 2010)

##### \*Mwiteragira

- umwavu w'ikirundi : 15 à 20 t/ha (amashi 2 mw'ibango)

- Umwavu w'ikizungu: kuvanga 50 kg vya KCl na 130 kg vya DAP kuri hegitari imwe (udufuniko 2 tw'icupa rya Fanta).

\* **Mw'ibagara :** igice ca mbere ca Urée (18,5 kg/ha ; agafuniko 1 mw'ibango)

\***Mw'ifurira :** igice ca kabiri ca Urée (18,5 kg/ha ; agafuniko 1 mw'ibango).






#### 3.5. Gukwirikirana umurima

##### a) Ibikorwa vyo kubungabunga umurima

- Kubagara ubwa 1: Indwi 3 inyuma y'iterwa
- Kubagara ubwa 2 : Indwi 6 inyuma y'iterwa
- Gufurira : mu ntango y'ihuka

**Menya neza:** Igiterwa kirabagarwa igihe cose bikenewe.

##### b) Kurwanya indwara nkuru nkuru n'ubukoko mu murima

Indwara n'ubukoko	Ifoto	Ibiranga iyo ndwara canke ubukoko	Uburyo bwo kurwanya izo ndwara canke utwo dukoko
Indwara y'urukara (Maladie des bandes)		Haraboneka ku mababi uturongo dusa n'umuhondo dutonze turaba mu burebure bw'ibabi	-Kirazira kurandura ibiterwa birwaye, -Gukoresha ubwoko bw'ibigori burinda iyo ndwara - Kutafata igihe kinini c'itera
Ibinyabwoya bitobora imitumba y'ibigori (chenilles foreuses des tiges) :		Biratobagura bikongera bikonona cane umutumba w'ibigori	Gupompa n'umuti wica ubukoko : Décis (10cc/10l y'amazi) ou Dursban (15cc/10l y'amazi)
Imiswa (Termites)		Ihimbagarira mw'imerero imitumba y'ibigori	Gupompa n'umuti wica ubukoko : Décis (10cc/10l y'amazi) ou Dursban (15cc/10l y'amazi)
Indwara y'ikinofa (Charbon)		Haboneka udusaho tw'ibifubifu vyirabura kumiyange canke aho gihekera. Utwo dusaho twuzuyemwo imigera y'iyo ndwara.	Kurandura mu gatondo ka kare kandi ukazika ibiterwa vyafashwe
Impfunya (Chenille de l'automne : <i>Spodoptera frugiperda</i> )		- Amababi araribwa uherye kumpera y'ibabi utera uja hagati -Amababi aratabagurika akongera agatabagurika - Imitumba y'ibigori ( <i>épis</i> ) nayo nyene irashobora gufatwa	- Gutera no gusoroma kare, gukoresha ubwoko bunyaruka kwera - Gutega ukoresheje imiti yabigenewe (paraphéromones); - Gupompa ukoresheje imiti: Dursban 5G, Décis, ...

#### 4. Kwimbura no gushingura umwimbu

##### 4.1. Kwimbura :

- **Ryari ?** Igihe vyumwe (urugero rw'amazi ruri 20-30%), urutete ruba rudashobora gutoborwa n'urwara.
- **Gute ?** Guhanyura ibigori bifise canke bitariko ibishishwa nogutandukanya ibikomeye n'ibirwaye.

##### 4.2. Gushingura

**Kwanikira :** kuzuba gushika aho urutete rutamenwa n'amenyo (urugero rw'amazi 12-14%).

**Guhurungura no kugosora :** ukoresheje imashine canke amaboko, hanyuma ukagosora

##### 4.3. Gushingura umwimbu

- Mu bubiko bwabigenewe



- Gukoresha imifuko yabigenewe (sacs pics).



- Iyo umwimbu utegerezwa kubikwa igihe kingana canke kirenga amezi 3, koresha imiti yo gupompa : Actalm super 50g/100 kg y'ibigori.



Ifishi yo kwigisha kurima igiterwa c'ibigori, Myandagaro 2021